



# Avantaj nan kad konpansasyon aksidan travay ou yo



Konpansasyon travayè yo peye swen sante pou trete yon blese oswa maladi ki gen pou wè ak travay la. Li peye ou yon avantaj pou pèt salè tou.

## SI OU TE BLESE OSWA TE VIN MALAD NAN KAD TRAVAY OU

- Chèche swen medikal touswit. Fè pwofesyonèl swen sante ou an(yo) konnen ou gen yon blese oswa yon maladi nan kad travay ou.
- Di patwon ou, nan yon nòt alekri, kilè, ki kote epi kijan ou fè blese. Fè sa nan yon espas 30 jou apre ou blese an.
- Depoze yon **Demann Anplwaye (Fòm C-3)** ki siyale blese/maladi ou an bay Komisyón Konpansasyon pou Aksidan Travay la touswit. Tanpri remake, yon demann dwe depoze nan yon espas de lane apre blese/maladi ou an. Menm si patwon ou an dwe siyale aksidan an tou, li enpòtan pou ou siyale li tou. Si ou blese nan menm pati nan kò w te frape anvan an, oswa ou blese menm jan an, ou dwe depoze yon **fòm komunikasyon limite enfòmasyon lasnate (Fòm C-3.3)**.

### Depoze yon demann

**PI RAPID:** Ale sou [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov), chwazi “Depoze yon Demann”, epi konplete vèsyon anliy **Demann Anplwaye an (Fòm C-3) an** pou soumèt fòm lan anliy.

Si ou gen kesyon konsènan aksyon depoze yon **Fòm C-3**, tanpri rele nan **(877) 632-4996** epi yon reprezantan Komisyón Konpansasyon pou Aksidan Travay la ap asiste ou.

## SWEN SANTE

Nòmalman, ou kapab itilize nenpòt pwofesyonèl swen sante Komisyón an otorize, tankou Rezo Klinik Sante pou Travayè yo nan Eta New York la. Sa konsène doktè, enfimyè pratikan yo ak asistan medikal Komisyón an otorize yo ak/

oswa espesyalis tankou sikològ, podològ, kiwopraktisyen, kineziterapet, ègoterapet, akiponktè ak travayè sosyal klinik otorize yo. Si konpayi asirans patwon ou an (oswa patwon ou si ou asire pou tèt pa w) gen yon rezo òganizasyon founisè li pi renmen (Preferred Provider Organization, PPO) pou swen medikal nan kad konpansasyon travayè yo, ou dwe resevwa premye trètman ou an nan rezo PPO an.

Si menm konpayi asirans sa gen yon famsi oswa yon rezo tès dyagnostik, ou dwe resevwa sèvis atravè rezo sa yo. Konpayi asirans lan dwe pale ak ou sou rezo pwofesyonèl ki obligatwa yo epi sou kijan pou itilize yo.

Pa peye trètman, medikaman oswa ekipman yo preskri pou konansasyon ak lajan pa w. Konpayi asirans konpansasyon travayè an peye fakti sa yo sof si ou pa pèsiste ak demann lan oswa Komisyón an deside li pa yon demann ki valab. Nan sitiyasyon sa, ou dwe peye pwofesyonèl swen sante yo (oswa soumèt fakti yo bay konpayi asirans sante regilye ou an).

Ou kapab chèche jwenn yon pwofesyonèl swen sante ki otorize sou sit wèb Komisyón an, [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov). Si ou gen pwoblèm ak swen ou oswa ou bezwen èd nan jwenn yon pwofesyonèl swen sante otorize, rele **Biwo Direktè Medikal la an (800) 781-2362**.

## VWAYAJ AK LÒT DEPANS

Ou kapab jwenn ranbousman pou kilometraj, transpò publik oswa lòt depans nesesè ki antre nan kad vwayaj pou trètman oswa egzamen medikal endependan. Soumèt resi pou depans sa yo omwen chak sis mwa bay Komisyón an epi bay konpayi asirans lan pandan w ap itilize **Relve Depans Medikal ak Depans Vwayaj ak Demann Ranbousman moun ki depoze demann (Fòm C-257)** w ap jwenn sou sit wèb Komisyón an.



## AVANTAJ POU PÈT SALÈ

Konpayi asirans lan dwe peye ou avantaj pou pèt salè yo rapidman si blese oswa maladi ou an:

- Anpeche ou travay pou plis pase sèt jou.
- Lakòz yon pati kò w andikape nèt.
- Vin lakòz yo redui ann salè ou paske w vin oblige travay pou pi piti tan oswa poutèt ou vin gen yon travay ki pa menm ak sa w te gen anvan ou blese an.

## SI GEN YON ODYANS KI FÈT

Yo ap peye avantaj yo yon fason otomatik detanzantan. Sepandan, kèk fwa odyans yo nesesè pou rezoud pwoblèm. Si yon odyans nesesè, ou ap resevwa yon nòt ki sòt bòkote Komisyón an pou fè w konnen rezon, dat ak lè odyans lan. Li enpòtan pou revize tout mesaj imèl ou Komisyón an voye ba ou yo epi reponn nan fason yo mande I la. Anrejistre kopi yo pou rejis ou.

Ou egnyen dwa pou yon avoka oswa yon reprezantan lisansye reprezante w nan nempòt kote nan demann ou an. Avoka an kapab enpòtan nan sitiyasyon diskisyon epi ki konplike yo epi li ap kapab reponn kesyon ou genyen sou demann lan. Moun sa pa kapab mande ou pou w peye oswa deside pran yon frè nan men w. Komisyón an deside frè pou sèvis jiridik yo epi frè sa ap sòti nan prim ou resevwa pou pèt salè ou an.

Li enpòtan pou w patisipe nan odyans ou yo epi konprann sa ki ap pase an. Si w gen kesyon, mande reprezantan legal ou an oswa jij la si ou pa gen reprezantan. Ou kapab patisipe nan odyans ou an anliy pandan w ap itilize odyans vityèl, oswa ou kapab patisipe nan telefòn. Gade nan avi odyans ou an pou jwenn enstriksyon.

Si ou pa kapab fè yon odyans, kontakte Komisyón an touswit pou replanifye I.

## SI GEN PWOBLÈM POU DEMANN OU AN

Kèk fwa, konpayi asirans yo konn kanpe anfas demann yo. Konpayi asirans lan kapab pa dakò ou te gen yon blese oswa maladi ki gen pou wè ak travay ou, oswa li kapab deklare li pa t kouvri patwon ou an, oswa bay yon lòt rezon. Si gen pwoblèm pou demann ou an, Komisyón an ap fè yon odyans. Yon jij espesyalis nan koze aksidan travay pral egzamine rejis medikal, salè, ansanm ak lòt prèv ak temwayaj. Epi, jij la ap deside sou sitiyasyon an epi li ap detèmine kantite avantaj ki ap bay la.

Komisyón Konpansasyon pou Aksidan Travay nan Eta New York la pwoteje dwa anplwaye ak patwon yo genyen pandna li ap asire li avantaj distribiye jan sa dwe fèt la epi nan fè pwomosyon pou konfòmite ak lalwa. Pou aprann plis konsènan Komisyón Konpansasyon pou Aksidan Travay la, ale sou [wcb.ny.gov](http://wcb.ny.gov).

Ou menm oswa konpayi asirans patwon ou an kapab fè apèl sou desizyon sa, alekri, nan espas 30 jou apre dat demann lan. Twa mamm Komisyón an ap egzamine apèl la epi yo ap mete yo dakò sou, chanje oswa rejte li. Yo kapab mande pou lòt odyans fèt tou.

Si dosye ou an gen pwoblèm ladan li, ou kapab aplike pou resevwa avantaj andikap pandan yo ap egzamine dosye an. Pou plike pou avantaj andikap, ou pral bezwen soumèt yon *Avi ak Prèv Demann pou Avantaj Andikap (FòmDB-450)*, ki disponib sou sit wèb Komisyón an.

Ou kapab rele Komisyón an tou pou asistans oswa ale nan biwo Komisyón an. Si demann konpansasyon travayè an rezoud nan avantaj ou, yo ap pran avantaj andikap yo nan prim w ap resevwa pou pèt salè an.

## YON KALANDRIYE POU DEMANN OU AN

**Trètman medikal:** Ale pran trètman medikal touswit. Ale wè doktè w 15 jou apre blese an epi apre sa 90 jou si ou te pèdi tan yon fason pwolonje.

**Ranplasman salè:** Si ou andikape, yo asepte dosye ou an epi ou rate plis pase sèt jou travay, yo pral peye w nan yon espas 18 jou apre aksidan an oswa 10 jou apati moman konpayi asirans lan te resevwa enfòmasyon an. Si gen pwoblèm ak dosye ou an, ou ap benefisyé yon odyans pou deside sou demann ou an. An mwayèn, yon odyans pral planifye 28 jou apati dat te gen pwoblèm ak demann ou an.

## ASISTANS LENGWISTIK

Kominsyon an pral tradui dokiman yo nan lang ou bezwen an. Li ap founi tou entèprtèt pou odyans ou an, gratis. Tanpri rele nan **(877) 632-4996** pou organize tradiksyon oswa entèpretasyon. Si ou ap itilize odyans vityòl, ou genyen opsyon pou fè demann pou yon entèprtèt padan pwosesis anrejistreman an tou.

## ASISTANS LAN DISPONIB

Si ou gen difikilté ak demann ou an, **Defansè Travayè ki fè Aksidan** nan Komisyón an kapab ede ou. Si ou bezwen èd nan retounen al travay, patwon ou kapab gen lòt opsyon oswa ti travay lejè pou ou kapab travay pandan w ap geri. Konseye nan kad oryantasyon pwofesyonèl Komisyón an kapab asiste w tou. Si ou gen pwoblèm familiyal oswa lajan apre ou fin blese an, Komisyón an gen travayè sosyal pwofesyonèl ki lisansye ki kapab ede. Rele Komisyón an pou aprann plis sou sèvis sa yo, oswa ale sou [wcb.ny.gov/returntowork/](http://wcb.ny.gov/returntowork/).